



U.S. Bank ReliaCard® Divilgasyon Preyalab pou Akizisyon
Non Pwogram: Washington Division of Child Support

Frè chak mwa	Pou chak acha	Retrè nan ATM	Rechaje lajan kach
\$0	\$0	\$0 nan-rezo	PA
		\$0.99*	APLIKAB
		andeyò rezo	

Demann Balans ATM (nan-rezo oswa andeyò rezo)	\$0
--	-----

Sèvis Kliyan (otomatik oswa ajan andirèk)	\$0 pou chak apèl
--	-------------------

Inaktivite	\$0
------------	-----

Nou chaje 3 lòt kalite frè. Men kèk ladan yo:

Tranzaksyon Entènasyonal	2%
--------------------------	----

Kat Ranplasman (Estanda oswa Livrezon Akselere)	\$0 oswa \$15.00
---	------------------

* Frè sa a ka pi ba selon kijan ak ki kote yo itilize kat sa a.

Pa gen fonksyon dekouvè/kredi.
Lajan w elijib pou asirans FDIC.

Pou enfòmasyon jeneral sou kont pre-peye yo, vizite cfpb.gov/prepaid.
Jwenn detay ak kondisyon yo pou tout frè ak sèvis yo ki andedan pake kat la oswa rele **1-866-363-4136** oswa vizite usbankreliacard.com.

U.S. Bank ReliaCard® Barèm Frè yo
 Non Pwogram: Washington Division of Child Support

Tout frè yo	Kantite Lajan	Detay
Jwenn lajan kach		
Retrè nan ATM (nan-rezo)	\$0	Sa a se frè nou pou chak retrè. "Nan-rezo" refere nan U.S. Bank oswa MoneyPass® rezo ATM. Ou ka jwenn lokasyon yo nan usb.com/locations oswa moneypass.com/atm-locator.html .
Retrè nan ATM (andeyò rezo)	\$0.99	Sa a se frè nou pou chak retrè. Frè sa a anile pou 2 premye retrè ATM ou pou chak chaj, ki gen ladan toulède Retrè ATM (ki pa nan rezo a) ak Retrè ATM Entènasyonal. "Andeyò-rezo" fè referans nan tout gichè ATM andeyò U.S. Bank oswa MoneyPass rezo ATM yo. Operatè ATM la pral chaje w tou yon frè si ou pa konplete yon tranzaksyon.
Retrè lajan kach nan gichè kesye	\$0	Sa a se frè nou lè wap fè retrè lajan kach sou kat ou nan men yon kesye nan yon bank oswa kredi inyon ki aksepte Visa®.
Itilize kat ou andeyò Etazini.		
Tranzaksyon Entènasyonal	2%	Sa a se frè nou an ki aplike lè ou itilize kat ou pou acha lakay komèsan etranje yo ak pou retrè lajan kach nan ATM etranje e se yon pousantaj nan kantite lajan tranzaksyon an dola, apre nenpòt ki konvèsyon lajan. Gen kèk tranzaksyon, menmsi oumenm ak / oswa komèsan an oswa ATM lan lokalize nan Etazini, yo konsidere kòm tranzaksyon etranje dapre règleman rezo ki aplikab yo, epi nou pa kontwole kijan komèsan sa yo, ATM ak tranzaksyon yo klase pou rezon sa a.
Retrè ATM Entènasyonal	\$0.99	Sa a se frè nou pou chak retrè. Frè sa a anile pou 2 premye retrè ATM ou pou chak chaj, ki gen ladan toulède Retrè ATM (ki pa nan rezo a) ak Retrè ATM Entènasyonal. Operatè ATM la pral chaje w tou yon frè si ou pa konplete yon tranzaksyon.
Lòt bagay		
Ranplasman Kat	\$0	Sa a se frè nou pou ranplasman kat ke nou voye pa lapòs avèk livrezon estanda (jiska 10 jou ouvrab).
Ranplasman Kat Livrezon Akselere	\$15.00	Sa a se frè nou pou Livrezon Akselere (jiska 3 jou ouvrab) ke nou chaje anplis de nenpòt frè pou ranplasman kat.

Lajan w elijib pou asirans FDIC. Yap kenbe lajan ou nan Asosyasyon Nasyonal U.S. Bank, yon enstitisyon FDIC asire, e yo asire jiska \$250,000 pa FDIC nan ka fayit yon bank ameriken. Gade fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html pou detay yo.

Pa gen fonksyon dekouvè/kredi.

Kontakte Sèvis Detantè Kat yo lè ou rele **1-866-363-4136**, pa lapòs nan P.O. Box 551617, Jacksonville, FL 32255 oswa vizite usb.com/reliacard.com.

Pou enfòmasyon jeneral sou kont pre-peye yo, vizite cfpb.gov/prepaid. Si ou gen yon plent sou yon kont pre-peye, rele Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè nan 1-855-411-2372 oswa vizite cfpb.gov/complaint.